



Pwogram Volontè Anvan-Jaden Danfan (VPK) Gid Pou Paran

- Pou patisipe nan pwogram Volontè Anvan-Jade Danfan (VPK) pou ane lekòl 2023-2024 a, timounnan dwe ap viv nan Floride e fèt entre 2 Septembre 2018 a 1 Septembre 2019.
- Vizite sit entènèt Pòtal la: <https://familyservices.floridaearlylearning.com/Account/Login> oubyen <http://www.elcpalmbeach.org/> (klike sou bouton ki anlè pajla)
 - **Si ou se yon itilizatè kap retounen sou sit entènèt sa ankò:**
 - Antre enfòmasyon ou, epi chwazi “Create a New VPK Application” sou paj “Pòtal Fanmi” ou te kreye a pou fè aplikasyon an.
 - **Si ou se yon nouvo itilizatè sou sit entènèt sa:**
 - Anrejistre pou yon kont sou Pòtal Fanmi an.

Ou dwe gen aksè ak imèl adrès ou e tcheke li pou ka konfime kont ou kreye a e pou kòmanse aplikasyon an.
- **Pou aplikasyon VPK a, wap bezwen:**
 - *Yon imèl adrès ki valab;*
 - *Prèy laj Timoun nan;*
 - egzanp: batistè OSWA paspò OSWA dosye vaksinasyon timoun nan kite siyen pa yon ofisye sante piblik oswa pa yon doktè kap pratike ki gen lisans
 - *Prèy kote ou rete;*
 - Lisans chofè OSWA bòdwo sèvis piblik OSWA kontra-lwaye siyen
- **Lè ou fin voye aplikasyon an:**
 - Wap resevwa yon notifikasyon nan imèl ou nan **7 a 10 jou** pou fè ou konnen si aplikasyon an apwouve oubyen si li rejte.
 - Si aplikasyon an rejte, ou dwe fè koreksyon e revoye li ankò pou nou ka apwouve li. Peryòd revizyon an ap pran 7 a 10 jou.
 - Lè aplikasyon an apwouve, ou kapab enprime sètifika VPK a sou nenpot òdinatè, wap gen pou ale sou kont Pòtal Fanmi ou te kreye a.
 - Wap bezwen imèl adrès avèk modpas ou te kreye a pou antre sou kont ou te kreye a sou Pòtal Fanmi an.
 - Bay sètifika VPK a nan gadri ke ou chwazi a pou anrejistre timoun nan.
- **Pwogram VPK a sèlman pèmèt yon (1) transfè gadri.**

Tanpri fè chwa gadri avèk anpil atansyon! *Tanpri tcheke avèk gadri VPK a lè ou fin fè seleksyon an pou plis enfòmasyon konsènan pwogram gadri sa.*

➤ **Si ou bezwen asistans nan fè seleksyon gadri nan pwogram VPK a, ou byen asistans pou anrejistre oubyen pou fè yon transfè gadri, ou dwe kontakte Early Learning Coalition pou fè sa anvan ou anrejistre timoun nan nan yon nouvo gadri VPK.**

Pou asistans avèk VPK Seleksyon Gadri, Anrejistreman, Transfè, Tanpri rele ELCPCB: 561-514-3300.